# Нөкис қаласы ҳәм барлық “жасыл” категориядағы аймақларда такси хызметине руқсат берилди

**Нөкис қаласы ҳәм  барлық “жасыл” категориядағы район аймақларында жөнелиссиз таксилерге жолаўшыларды тасыў хызметине руқсат етилмекте.**

Image not found or type unknown

Бул ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Коронавирус инфекциясының тарқалыўына қарсы гүресиў илажларын муўапықластырыў бойынша оператив Штабының мәжилис баянламасы қабыл етилди.

Онда  жөнелиссиз таксилер – жолаўшы тасыў ушын автомобиль салонында басқарыўшы орынлығы жолаўшылардың орынлығынан пластикалық яки плёнка менен тосылған болыўы;

автомобиль басқарыўшысы менен жолаўшының медицианлық нықабта болыўы;

жолаўшылардың саны еки адамнан аспаўы ҳәм олардың автомобиль салонының артқы орынлығында жайласыўы жәнe жөнелиссиз такси басқарыўшысының өз аймағында ҳәрекетлениўи белгиленген.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети